

# SEKSYON 7: REGLEMAN DISTRI SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI

## *(Obligatwa pou tout distri Tit I)*

**Eksplikasyon:** Tout distri Tit I oblije mete anplas yon **Regleman distri sou angajman paran ak fanmi (District Parent and Family Engagement Policy)** ki satisfè kondisyon Tit I sou patisipasyon paran. Regleman distri sou angajman paran ak fanmi an ta dwe dekri kòman distri w la pral planife ak aplike aktivite pou patisipasyon paran ak/oswa estrateji ki efikas pou amelyore akonplisman akademik elèv ak pèfòmans lekòl ki nan distri a.

Sonje:

- *Nenpòt aktivite/strateji konsènan paran ki dekri nan plan aksyon yo, yo ta dwe mete yo tou nan regleman distri a sou angajman paran ak fanmi.*
- *Siyati reprezantan sikonskripsyon yo ki nan paj siyati ekip lidèchip Distri (District Leadership Team, DLT) a vle di yo te fè chita pale sou revizyon, kreyasyon, aplikasyon ak adopsyon regleman distri a sou angajman paran ak fanmi an.*
- *Siyati Sipèentandan ki nan seksyon 2 a: Paj siyati ekip lidèchip distri (District Leadership Team, DLT) a sètifye DLT a adopte regleman distri a sou angajman paran ak fanmi an.*
- *Regleman distri a pou angajman paran ak fanmi an a anvigè epi yo adopte l pou yon peryòd de ane akademik lekòl apati dat adopsyon an epi yo revize l yon fwa chak ane lekòl.*

## **DISTRI LEKÒL KOMINOTÈ 26**

### **REGLEMAN TOUT DISTRI A SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI 2018-20**

Ms. Danielle Giunta  
Sipèentandan kominote a  
61-15 Oceania St.  
Bayside, NY 11364

Rechèch sou edikasyon toujou montre gen yon relasyon ant patisipasyon paran ak reyisit elèv. Kidonk, objektif global regleman distri 26 la gen ladan:

- Bati yon relasyon ant lakay ak lekòl pou ede paran pran bon jan konesans pou elve timoun.
- Bay paran enfòmasyon, trening ak opòtinite pou vin patisipe aktivman nan planifikasyon ak nan desizyon k ap pran.
- Sipòte byennèt sosyal ak emosyonèl ak sante mantal fanmi anjeneral.
- Ogmante motivasyon paran ak konprann wòl yo nan anrichi edikasyon ak amelyore pwogrè elèv.
- Devlope atitud fanmi ki pozitif anvè kominote lekòl la anjeneral.

Kowòdonatè lidèchip fanmi distri 26 la ak Kowòdonatè pou sipò fanmi an pral planifye ak fasilite divès opòtinite patisipasyon pou paran, distribiye enfòmasyon enpòtan ki soti nan Depatman Edikasyon ba tout gwoup paran ki konsène (kwòdonatè paran, Konsèy

Edikasyon pou Kominote (Community Educational Council, konsèy prezidan, DLT ak konsèy konsiltatif paran) epi ofri èd lè sa nesesè, reponn avèk efikasite demand sèvis 311 atan, epi sèvi kòm lyezon ant paran ak Sipèntandan an.

## PATI I: ATANT JENERAL

Distri lekòl kominote 26 dakò pou l aplike egzijans legal sa yo:

- Distri lekòl la ap mete ann aplikasyon pwogram, aktivite ak pwosedi pou patisipasyon paran nan tout lekòl ki gen pwogram Tit I, Pati A, ki konsistan avèk seksyon 1116 Lwa chak elèv reyisi (Every Student Succeeds Act, ESSA). Y ap planifye ak dirije pwogram, aktivite ak pwosedi sa yo nan bonjan kolaborasyon ak paran ak fami ki gen timoun k ap patisipe ladan yo.
- Nan konfòmite ak seksyon 1116, distri lekòl la ap travay ak lekòl li yo pou garanti regleman sou patisipasyon onivo lekòl la satisfè kondisyon seksyon 1116 (b) lwa ESSA, epi chak gen ladan yo, kòm eleman ki konpoze l, yon kontra paran-lekòl (School-Parent Compact, SPC) ki konsistan avèk seksyon 1116 (d) ESSA.
- Distri lekòl kominote a ap gen ladan regleman tout distri a sou angajman paran ak fanmi an nan plan edikasyon global distri (District Comprehensive Educational Plan, DCEP) ke li kreye dapre seksyon 1112 ESSA.
- Lè li aplike Tit I an, Pati A kondisyon pou patisipasyon paran, Distri lekòl la ak lekòl li a ap bay tout opòtinite pou patisipasyon paran ki pa pale angle byen (limited English proficiency, LEP), paran ki gen andikap ak paran timoun ki imigran, paegzanp bay enfòmasyon ak rapò lekòl ki obligatwa dapre seksyon 1111 ESSA nan yon fòm yo ka konprann epi ki inik, tankou lòt fòm si yo mande sa epi lè sa posib, nan yon lang paran yo konprann.
- Si DCEP a ki kreye dapre seksyon 1112 ESSA, pa bay paran ki gen timoun k ap patisipe yo satisfaksyon, distri lekòl la ap voye tout kòmantè paran avèk plan an lè distri lekòl la voye plan an ba Depatman Edikasyon Eta Nouyòk (New York State Department of Education, NYSED).
- Distri lekòl la ap bay lòt oryantasyon pou garanti ke lekòl yo entegre paran timoun ki nan pwogram lajan Tit I, Parti A, nan desizyon sou fason yon pousan (minimum yo mete apa) nan lajan Tit I, Parti A ki la pou patisipasyon paran an depanse pou sipòte aktivite ki prevwa nan regleman pou angajman paran ak fanmi an.
- Se definisyon legal patisipasyon paran sa a k ap sèvi gid pou Distri lekòl la epi ki atann pou lekòl Tit I li yo aplike pwogram, aktivite ak pwosedi yo dapre definisyon sa a:

Patisipasyon paran vle di patisipasyon paran, gadyen, moun ki fanmi ak paran ki gen timoun leta mete sou kont yo (foster parent) ak bon jan kominikasyon ki konsène aprantisaj akademik elèv la ak lòt aktivite lekòl tankou garanti—

1. ke paran jwe yon wòl entegral nan ede pitit yo aprann;
2. ke yo ankouraje paran yo pou yo patisipe yon fason aktif nan edikasyon pitit yo nan lekòl;
3. ke paran se asosye total kapital nan edikasyon pitit yo epi yo mete yo, kòm sadwa, nan komite k ap pran desizyon ak nan komite konsiltatif pou ede nan edikasyon pitit yo; epi
4. aplikasyon lòt aktivite tankou sa yo dekri nan seksyon 1116 ESSA a.

## PATI II: DESKRIPSYON FASON DISTRI A AP APLIKE ELEMEN KI OBLIGATWA NAN REGLEMAN POU ANGAJMAN PARAN AK FANMI NAN TOUT DISTRI A

Distri lekòl kominotè 26 ap pran mzi sa yo gras a lekòl li yo, pou entegre paran nan kreyasyon plan pou patisipasyon paran nan tout distri li a dapre seksyon 1112 lwa ESSA kòm sipò pou lekòl k ap resevwa lajan Tit I:

1. Mete yon manm estaf distri ki devwe pou aji kòm lyezon pou lekòl Tit I yo epi k ap kowòdone èd teknik, gid ak sipò, lè gen bezwen, dapre lòd sipèntandan kominotè a epi nan kolaborasyon ak Biwo regleman edikasyon eta/federal ak pwogram amelyorasyon lekòl (Office of State/Federal Education Policy and School Improvement Programs) pou garanti ke lekòl yo okouran kondisyon sa yo;
2. Asire gen yon Ekip lidèchi distri (District Leadership Team, DLT) ki fòme dapre kondisyon ki nan CR 100.11 ak dapre CR A-655 ki aktèl la epi ki gen ladan lidèchip paran oswa reprezantan yo ki reprezante kòm sadwa; epi
3. Fasilite kreyasyon yon komite paran Tit I onivo distri pou garanti paran Tit I nan tout lekòl distri a reprezante, paegzanp lekòl segondè yo ak patisipasyon aktif nan DLT nan fòmasyon CEP distri a, nan fòmasyon plan 100.11 distri a ak nan Regleman sou patisipasyon paran onivo distri a.
4. Fasilite revizyon ak evalyasyon anyèl Regleman sou patisipasyon paran onivo distri a pou wè si regleman an efikas epi fè revizyon lè l nesesè pou amelyore regleman an ak kalite angajman paran

Distri lekòl kominote 26 ap pran mezi sa yo pou entegre paran nan pwosesis evalyasyon ak amelyorasyon lekòl la dapre seksyon 1114 (b) lwa ESSA:

- Bay aksè enfòmasyon atan sou kondisyon ESSA yo, pwogrè lekòl yo fè, lekòl ki pa p travay byen, kalifikasyon pwofesè ak lòt enfòmasyon enpòtan ki gen rapò ak pwogram Tit I ak inisyativ pou amelyorasyon estrikti lidèchip lokal ki reprezante paran ak fanmi tankou: DLT, CEC ak CCEC, konsèy prezidan borough ak distri, ak konsèy konsiltatif paran Tit I onivo distri (si genyen) nan reyinyon piblik yo fè regilyèman ak nan sit wèb lekòl la oswa distri a (si genyen).
- enfòmè paran sou pwosesis ki dekri kòman ak poukisa yo idantifye lekòl yo kòm lekòl ki bezwen entèvansyon pou amelyorasyon; ak
- Bay paran timoun ki nan lekòl sa yo enfòmasyon sa yo atan:
  1. Yon eksplikasyon sa idantifikasyon an vle di ak kòman yo konpare lekòl yo onivo akademik ak lòt lekòl primè, presegondè oswa segondè Distri a ak ajans edikasyon Eta a ki patisipe a ap sèvi.
  2. Rezon ki fè yo idantifye lekòl yo;
  3. Yon eksplikasyon kòman paran ak manm fanmi ka vin patisipe nan rezoud pwoblèm akademik ki te lakoz yo idantifye lekòl la kòm lekòl ki bezwen amelyorasyon;
- Pibliye ak sikile enfòmasyon ba paran ak piblik la konsènan tout mezi distri a pran pou rezoud pwoblèm ki te lakoz yo idantifye lekòl la kòm lekòl ki bezwen amelyorasyon tankou:
  1. Yon eksplikasyon sa distri a ap fè pou rezoud pwoblèm move rannman an;
  2. Yon eksplikasyon sa lekòl la ap fè pou rezoud pwoblèm move rannman an ak;
- Bay paran enfòmasyon sou kalifikasyon pwofesyonèl pwofesè ak parapwofesyonèl yo.

Distri lekòl kominotè 26 ap bay kowòdinasyon, bay sipò teknik ak lòt sipò ki nesesè pou ede lekòl Tit I, Pati A nan planifikasyon ak aplikasyon pwogram, aktivite ak pwosedi ki efikas pou patisipasyon paran ak manm fanmi pou amelyore reyalizasyon akademik ak pèfòmans elèv nan lekòl:

- Estaf sipò nan lekòl ak distri ap fè fòmasyon pwofesyonèl pou pwofesè, pèsònèl sèvis elèv, direktè ak lòt estaf sou kòman pou kontakte, kominike ak travay avèk paran kòm patnè egal, aplike ak kowòdone pwogram paran ak bati rapò ant paran ak lekòl.
- Sipòte fòmasyon PAC nan lekòl yo.
- Asire yo voye enfòmasyon ki gen rapò ak pwogram lekòl ak paran, reyinyon ak lòt aktivite bay paran nan yon fòma ak lang paran kapab konprann, nan tout limit sa posib.
- Asire chita pale/kolaborasyon fèt ant lekòl ak paran.

Distri lekòl kominotè 26 pral kowòdone ak entegre estrateji pou angajman paran ak fanmi dapre Pati A pwogram Tit I nan:

- Kolabore avèk lekòl yo ak biwo borough yo ak patnè deyò (paegzanp Òganozasyon kominotè (Community-Based Organizations, CBO) pou kontakte san rete paran ak fanmi pou ba yo enfòmasyon sou Pre-K konsènan enskripsyon, nòm pwogram, sèvis konplè, pwogram pou timoun ki gen laj pou ale lekòl ak lòt sipò byen presi jan paran oswa fanmi an mande l la.
- Ankouraje ak sipòte paran kòm patnè egal pou patisipe nan edikasyon pitit yo lè yo kolabore nan zouti ak resous ki nesesè pou reyalizasyon ak siksè elèv;
- Ede paran konprann enpòtans koneksyon ant lekòl ak lakay;
- Travay avèk pwofesè/estaf salklas pou angaje ak sipòte paran nan bati kapasite pou sipòte edikasyon pitit yo tankou pataje enfòmasyon sou elèv avèk paran (pargzanp rezilta premye evalyasyon yo ak kontwòl aktyèl pwogrè elèv);
- Konsidere bezwen sante ak byennèt timoun yo tankou enpòtans estrikti, nitrisyon, sante, lijiyèn/moral ak bezwen sosyoemosyonèl.
- Fè reyinyon pou paran nan lè ki fleksib, tankou reyinyon nan maten, oswa leswa pou paran ka adapte yo ak orè yo:
- Fasilite tradiksyon materyèl ak lòt resous yo nan lang paran yo plis pale.

Anplis, distri a pral sipòte paran tout lekòl (lekòl Tit I ak lekòl ki pa Tit I) epi:

- Ofri èd ak sipò ba DLT a, PC, Asosyasyon pwofesè-Paran (Parent teacher Association, PTA) ak Konsèy Edikasyon pou kominote distri (Community District Education Council, CCEC), lè sa nesesè .
- Mande sipò ak asistans teknik bòkote lyezon pou amelyorasyon nan lekòl/distri (School/District Improvement Liaison, SDIL), Responsab anchèf donasyon an ak/oswa nan Field Support Center a, lè sa nesesè.
- Fè atelyetrayay paran pou tout Asosyasyon asosyasyon sou inisyativ Ekselans ak Egalite NYC DOE (Excellence and Equity), preparasyon pou kolèj ak karyè ak estrateji pou ansèyman ak aprantisaj.
- Òganize yon rankont pou prezantasyon (Meet & Greet) ki gen enfòmasyon onivo distri pou paran ak paran lidè nan kòmansman ane lekòl la.

- Kontinye bati kominikasyon dijital ak sansibilizasyon lè yo konsève, mete ajou ak ogmante lis kontak imèl paran an, sitwèb distri 26 (district 26.org) ak kont Twitter (@D26Team).
- Sipòte lidè lekòl/direktè yo nan asire tout aspè ak kondisyon yo transparan pou kominote a jan yo dekri l nan Regleman Chanselye (Chancellors Regulations, CR A-655)ak CR A-660.
- Sipòte efò k ap fèt onivo lekòl pou ofri atelyetrayay sou kourikoulòm, ankouraje dyalòg ant pwofesè ak paran ak anseye aktivite pwolonjman ant lakay ak lekòl pou ede paran yo elve nivo akonplisman pitit yo.
- Kontinye ofri oryantasyon ak asistans teknik ba lekòl sou aplikasyon regleman tradiksyon ak entèpretasyon. Pifò kominikasyon enpòtan ki bezwen tradui yo se Depatman edikasyon Vil Nouyòk ki fè yo. Lòt dokiman enpòtan distri ak lekòl distri a oswa lekòl la ap bezwen tradui. Ou ka voye kesyon presi konsènan regleman sou tradiksyon ak entèpretasyon ba Depatman Tradiksyon ak Entèpretasyon (Translation and Interpretation Unit, T&T) nan 718-752-7373 oswa nan [translations@schools.nyc.gov](mailto:translations@schools.nyc.gov).
- Kontinye ofri opòtinite tradiksyon ak entèpretasyon pou aktivite paran, lè sa posib. Tradiksyon materyèl distri, ak sèvis entèpretasyon nan aktivite distri disponib nan mandaren, kantonè, koreyen, panyòl, bengali, arab ak oudou, lè sa nesèsè oswa si yo mande.
- Ankouraje patisipasyon paran onivo lekòl nan ede lekòl yo:
  - Tabli PTA
  - Redije Kontra Paran-Lekòl
  - Kreye Règleman sou patisipasyon paran
  - Kenbe 50% reprezantasyon paran nan SLT yo
  - Ankouraje ak fasilite nivo volontarya maksimòm paran

Kowòdonatè fanmi distri 26 yo planifye ak aplike pwogram patisipasyon paran an ak travay nan kolaborasyon ak konsèy edikasyon distri kominote a, PC a, PA yo ak SLT yo pou asire yo satisfè dwa ak bezwen paran yo. Kowòdonatè fanmi distri 26 yo ak estaf Biwo sipèentandan an rankontre ak gwoup paran sa yo pou evalye, planifye, evalye ak amelyore: regleman sou patisipasyon paran ak fanmi onivo distri ak plan edikasyon global onivo distri (District Comprehensive Educational Plan, DCEP) a pou yo ka sire pwogram enstriksyon yo satisfè bezwen elèv yo epi pou paran kapab jwe yon wòl aktif nan ede lekòl nou yo atenn objektif sa yo.

Kominikasyon pou yo gaye bay paran yo se sa yo ak lòt ankò:

### **Kominikasyon alekri**

- Avi sou reyinyon SLT
- Avi sou reyinyon Konsèy edikasyon distri kominote
- Kritè seleksyon pou divès lekòl ak pwogram
- Fòm aplikasyon/lèt admisyon pou lekòl ak pwogram
- Enfòmasyon sou enskripsyon Kindergarten ak Pre-K
- Enfòmasyon sou egzamen pou elèv douwe ki gen Talan (Gifted and Talented, G&T)
- Enfòmasyon sou estrikti ak aplikasyon nan lekòl presegondè
- Enfòmasyon sou aplikasyon lekòl segondè
- Avi sou plasman elèv

- Enfòmasyon sou enskripsyon ak admisyon
- Lèt sou opsyon paran pou elèv ELL ki nouvo
- Avi sou kontinyasyon/tèminasyon sèvis bileng/ENL
- Avi sou dwa, reyinyon, odisyon nan edikasyon espesyal ak avi sou egzamen
- Dat Konferans paran-pwofesè
- Kanè
- Lèt sou chanje klas/double klas
- Lèt sou sèvis entèkansyon akademik
- Lèt sou lekòl ete
- Enfòmasyon sou pwogram akademik ak divètisman ete
- Lèt sou sispansyon ak odisyon ak lèt sou desizyon ki pran
- Lèt konsènan disiplin
- Enfòmasyon sou pwogram Beacon ak sou enskripsyon nan pwogram Beacon
- Enfòmasyon sou atelyetrayay pou paran onivo distri
- Gen tradiksyon ki disponib nan Divizyon pou tradiksyon ak entèpretasyon (Translation and Interpretation Unit, T&I)
- Anons sou sekirite

## **Kominikasyon oral**

- Konferans Pwofesè-Paran
- Reyinyon ak pèsonèl lekòl sou pwogrè oswa pwoblèm disiplin
- Reyinyon Komite sou Edikasyon Espesyal (Committee on Special Education, CSE) ak reyinyon ekip kote paran patisipe
- Avi sou ijans
- Repons pou demand sèvis 311 ak swivi
- reyinyon Konsèy edikasyon distri kominote
- Reyinyon paran nan tout distri
- Reyinyon SLT
- Atelyetrayay pou paran onivo distri
- Reyinyon PA
- Fòmasyon pwofesyonèl pou komite egzekitif PTA

Distri lekòl kominote 26 pral pran mezi sa yo, avèk bon jan patisipasyon paran ak manm fanmi, pou fè yon evalyasyon anyèl kontni ak efikasite regleman sou patisipasyon paran an avèk patisipasyon paran nan amelyorasyon kalite pwogram lekòl Tit I , Pati A li yo. Evalyasyon an ap gen ladan l idantifikasyon baryè ki anpeche plis patisipasyon paran nan aktivite patisipasyon paran (ak yon atansyon patikilye sou paran ki defavorize onivo ekonomik, ki gen andikap, ki pa pale anglè byen oswa ki soti yon ras oswa yon etnisite ki an minorite). Distri lekòl la ap itilize rezilta evalyasyon sou regleman pou patisipasyon paran ak aktivite li yo pou kreye estrateji pou patisipasyon paran ki plis efikas, ak pou revize , si nesesè, (epi ak patisipasyon paran yo) regleman sou patisipasyon paran ak fanmi li a.

- Distri Lekòl Kominote 26 ap ofri, lè sa posib, anpil opòtinite pou patisipasyon paran ki pa pale anglè byen (limited English proficiency, LEP) paran ki gen andikap ak paran timoun ki fèk vini tankou bay enfòmasyon ak rapò lekòl nan yon fòm ak nan lang paran ka konprann, si sa posib:

- Prezantasyon anyèl regleman sou angajman paran ak fanmi nan yon fòm ak nan yon lang paran ka konprann, lè sa posib, ba DLT, PC, DPAC ak CEC.
- Entegre paran ak manm fanmi, nan yon fason òganize, aktyèl ak atan nan opòtinite pou evalye ak reponn alekri Regleman sou angajman paran ak fanmi pou evalye sa ki ladan ak efikasite l.
- Distri lekòl kominotè a pral itilize rezilta evalyasyon sou regleman pou angajman paran ak fanmi li a ak aktivite li yo pou kreye estrateji pou patisipasyon paran ki plis efikas, ak pou revize , si nesèsè ak patisipasyon paran nan regleman sou patisipasyon paran l lan lè yo:

A. Distri lekòl kominotè 26 pral bay paran ak lekòl la kapasite pou patisipasyon paran ak fanmi ki solid pou yo ka asire patisipasyon reyèl paran ak fanmi pou sipòte yon afilyasyon ant lekòl la, paran, ak kominote a pou amelyore pwogrè ak pèfòmans akademik elèv yo, atravè aktivite sa yo ke yo dekri espesyalman pi ba a:

Distri lekòl kominotè 26, grasa èd lekòl Tit I, Pati A, ap ofri èd pou paran ak fanmi timoun lekòl la ap bay sevis, komsadwa, pou konprann sijè tankou , lè yo pran mezi ki dekri nan paragraf sa a-

1. nòm kontni akademik eta a,
2. nòm reyalizasyon akademik elèv eta a,
3. Evalyasyon akademik Eta a ak lokal yo tankou evalyasyon altène,
4. kòman pou swiv pwogrè pitit yo ak kòman pou travay ansanm ak edikatè yo:
  - Ofri èd pou paran ka konprann sijè tankou nòm kontni akademik eta a ak Nòm reyalizasyon akademik elèv pou onivo eta a, evalyasyon eta a ak evalyasyon lokal, kondisyon Tit I, Pati A yo ak kòman pou yo sipèviz pwogrès yon timoun epi travay avèk edikatè yo pou amelyore akonplisman pitit yo.
  - Ofri materyèl ak trening pou ede paran ak manm fanmi travay ak pitit yo pou amelyore reyalizasyon akademik pitit yo, tankou trening literacy ak itilizasyon teknoloji, kòm sadwa, pou ankouraje patisipasyon paran ak fanmi.
  - Ofri fòmasyon pwofesyonèl chak mwa pou kowòdonatè paran pou yo ka rezoud pwoblèm akademik, sosyal ak emosyonèl nan lekòl yo.
  - Ofri trening pou paran ak pou paran lidè ki nan asosyasyon paran, asosyasyon pwofesè-paran, SLT, konsèy konsiltatif paran Tit I, PC onivo distri ak Borough DLT, Konsèy konsiltatif paran onivo distri ak CEC.
  - Ofri lòt sipò rezonab pou aktivite sou angajman paran ak fanmi (paegzanp preparasyon pou kolèj ak karyè) dapre seksyon 1116 jan paran mande l.

B. Distri lekòl kominotè 26, avèk èd lekòl li yo, ap ofri materyèl ak trening pou ede paran travay ak pitit yo pou amelyore akonplisman akademik pitit yo, tankou trening literacy ak itilizasyon teknoloji, kòm sadwa, pou ankouraje patisipasyon paran lè yo::

- Fòm kowòdonatè paran nan estrateji ak resous pou bay paran èd pou yo ka sipòte devlopman akademik ak sa ki pa akademik.
- Bay opòtinite pou trening paran nan tout distri a konsènan itilizasyon teknoloji ak zouti responsablite ki baze sou sit entènèt, epi
- Bay aksè nan espas, lè sa posib, pou sipòte kou pou elèv timoun ak kou pou edikasyon adilt (paegzanp, ESL, konpitè ak preparasyon pou djòb);

C. Distri lekòl kominotè 26, avèk èd lekòl ak paran li yo, pral sipòte pwofesè, pèsonèl sèvis elèv, direktè ak lòt estaf li yo sou kòman pou sansibilize, kominike ak travay avèk paran kòm patnè egal, nan valè ak itilite kontribisyon paran ak nan ki fason pou aplike ak kowòdone pwogram paran ak bati rapò ant paran ak lekòl yo lè yo:

- Ankouraje direktè pran inisyativ pou patisipasyon paran nan lekòl yo.
- Fòm kowòdonatè paran pou yo kolabore avèk divès estaf nan lekòl yo.
- Reyni chak mwa avèk kowòdonatè paran pou evalye ak pataje pi bon metòd sou kòman pou yo travay avèk paran avèk efikasite.

D. Distri lekòl kominotè 26, lè sa posib ak apwopriye, pral kowòdone ak entegre pwogram ak aktivite sou patisipasyon paran avèk pwogram Head Start, Reading First, Early Reading First, Even Start, enstriksyon adomisil pou jèn ki nan preskolè, pwogram paran ki jwe wòl pwofesè ak pwogram preskolè leta ak lòt pwogram epi fè lòt aktivite tankou sant resous ki ankouraje ak sipòte paran pi plis nan edikasyon pitit yo, lè yo:

- Travay avèk pwofesè ak paran pou konsantre sou tranzisyon pou soti nan Pre-K pou ale nan Kindergarten.
- Ofri opòtinite pou fè tranzisyon nan lekòl atravè atelyetrayay pou paran, konferans, vizit lekòl, jounen pòt ouvèt (Open House) ak fè volontè nan salklas la.

E. Distri lekòl la pral pran mezi sa yo pou asire yo voye enfòmasyon ki gen rapò ak lekòl la ak pwogram pou paran, reyinyon ak lòt aktivite ba timoun ki nan pwogram lan nan yon fòm inifòm, tankou lòt fòm si yo mande, ak nan lang paran ka konprann, lè sa posib.

- Fè kominikasyon paran ki efikas lè yo bay ase anons sou orè distri a pou konferans pwofesè-paran, rapò lekòl ak distri ak inisyativ tout vil la nan yon fòm ak nan yon lang paran ka konprann, lè sa posib..
- Distribisyon lajan DOE bay pou lekòl ki elijib pou sèvis tradiksyon ak entèpretasyon siplemantè pou paran LEP.
- Aksè nan sitwèb elèv k ap aprann nan plizyè lang (Multilingual Learners, MLL) Depatman edikasyon Vil Nouyòk la pou paran ka gen aksè nan aktivite tout vil la ak reyon an ansanm ak nan materyèl yo.

### PATI III: ELEMEN REGLEMAN SOU ANGAJMAN PARAN AK FANMI ONIVO DISTRI KI PA OBLIGATWA

Distri 26 pran angajman pou bon jan patisipasyon paran epi l ap mete pwogram, aktivite ak pwosedi pou patisipasyon paran nan tout lekòl li yo ki gen pwogram Tit I, Pati A, dapre seksyon 1116 Lwa ESSA. Lè yo fè sa, distri a pral:

- Entegre yon fason aktif paran ak manm fanmi nan planifikasyon, evalyasyon ak amelyorasyon pwogram sou angajman paran ak fanmi Tit I distri a;
- Fè kominikasyon ki efikas ant paran ak lekòl lè yo bay ase avi sou orè konferans pwofesè-paran, bay paran rapò souvan ak inisyativ tout vil;
- Itilize lang natifnatal lè yo fè trening, voye rapò ak enfòmasyon epi kominike avèk paran ki pa pale anglè;
- Sipòte tout aspè ki gen nan patisipasyon paran atravè kowòdonatè paran an; epi
- Fè yon evalyasyon anyèl regleman sou angajman paran ak fanmi distri a ak yon revizyon pwogram akademik yo, lè sa apwopriye



## PATI IV: ADOPSYON

Regleman sou angajman paran ak fanmi distri sa a pou distri lekòl kominotè 26 te fèt nan kolaborasyon avèk, epi dakò avèk paran ak manm fanmi timoun k ap patisipe nan pwogram Tit I, Pati A, jan avi sou reyinyon onivo distri a montre l, fèy prezans, pwosè-vèbal, fòm kòmantè ak/oswa sondaj ki soti nan reyinyon kote yo te pataje ak diskite regleman sou angajman paran ak fanmi onivo distri a. Prèy sa a ap rete nan dosye nan biwo distri a epi otorite vil la, Eta oswa reprezantan yo ka revize l.

DLT pou distri lekòl kominotè 26 te adopte regleman sa a nan dat 7 desanm 2018 epi l ap anvigè pou peryòd (2) dezan an. Distri lekòl la ap distribye regleman sa a ba tout paran timoun k ap patisipe nan pwogram Tit I, Pati A ak ba tout lekòl ki pa lekòl Tit I nan lang paran yo plis pale nan distri lekòl k ap resewa lajan Tit I, Pati A a nan dat 30 jen 2019 oswa avan. Y ap mete vèsyon final regleman sa a tou kòm yon dokiman siplemantè nan CDEP a epi y ap tradui l nan lang paran plis pale nan distri 26.